



PAKE KONTRA LEKÒL-PARAN (AKÒ) – 2011-2012

Administrasyon an, pwofesè yo ak pèsònèl Lekòl

Segondè Haines City pral travay pou rasire yo:

- **PITIT OU A** resevwa konesans kalite siperyè ak enstriksyon ki pral bay nan yon espas sipòtif, san danje e efikas, yon fason pou li kapab satisfè egzijans pèfòmans akademik Eta Florid la mande epi pou li fè tout sa li kapab pou li vin yon apranti dirab:

- ✚ Pwofesè ki gen anpil kalifikasyon pral itilize Estrateji ki Chita sou Aprantisaj tankou Estrateji priyorite k'ap enfliyanse siksè: Elaji e Rafine, Rezime e Vokabilè ki distribye nan Kontèks, Gid Aprantisaj Elèv ki gen Keksyon Esansyèl nan Leson an epi ki Prezante vokabilè nan kontèks pou bati konesans edikatif.
- ✚ Yo swiv Kritè Eta Solèy la pou Jenerasyon an nan tout kou yo.
- ✚ Elèv yo pral gen opòtinite pou rejwenn kredi yo atravè Nova Net.
- ✚ Pwofesè yo pral swiv Gid Pwogram Depatman Polk la.

- yo fè rankont *paran-pwofesè regilyèman* (nan klas entèmedyè, selon bezwen) e yo pral reflechi sou kontra sa a (akò sa a) nan sa ki konsènen travay akademik **PITIT OU**:

- ✚ Biwo Konseye ap planifye rankont yo pou elèv ki gen pwoblèm akademik, konpòtman oswa pwoblèm sosyal. Paran yo kapab kontakte biwo konseye a nan email oswa yo ka rele biwo sa a nan 863-421-3286 pou planifye rankont. Lè yo planifye rankont yo, y'ap fèt ant 1:35 e 2:30.

- Y'ap ba ou rapò souvan konsènan pwogrè **PITIT OU A ap fè**:

- ✚ Rezilta pwogrè elèv yo pral jwenn paran yo nan dat 23 septanm 2011, 9 desanm 2011, 24 fevriye 2011 e 12 me 2012. Bilten yo pral jwenn paran yo chak 9 semè. Y'ap mete dat sa yo nan sit entènèt lekòl la.
- ✚ Chak jou, ou kapab kontwòle rezilta nòt pitit ou, prezans li lekòl la ak disiplin li nan Parent Portal la (Sit Entènèt paran gade nòt pitit yo). Pou paran ki pa gen òdinatè lakay yo, yo mete yon òdinatè nan biwo lekòl la; e gen òdinatè ki disponib tou nan Bibliyotèk Piblik nan Haines City.

- **OU** genyen aksè rezonab ak pèsònèl la:

- ✚ Ou ka kontakte tout ekip lekòl la nan email w'ap jwenn nan sit entènèt lekòl la ki se www.hainescityhighschool.com
- ✚ Rele nan 863-421-3281 ant 7 AM- 2 PM, soti lendi pou rive vandredi pou w mande yon pwofesè pou rele w. Y'ap retounen apèl yo sito yo jwenn tan pou sa.

- Y'ap akeyi **OU** kòm obsèvatè e kòm volontè nan lekòl la:

- ✚ Ekip lekòl Segondè Haines City a ankouraje patisipasyon paran yo pou yo vin vizite e travay kòm volontè nan lekòl nou an. Yo ka planifye vizit yo nan biwo lekòl la yon jou davans. Volontè yo DWE jwenn akò Biwo Distri a, e fòm yo disponib nan sit entènèt Lekòl Leta a ki se <http://www.polk-fl.net/community/volunteers/documents.VolunteerApplication.pdf>

Se sou **OU (Paran)** nou konte pou nou

- resevwa pitit **ou a** lekòl la chak jou alè.
- bay pitit **ou a** sipò ak yon espas san bwi pou l fè devwa li.
- ankouraje pitit **ou a** pou li fè lekti oswa li pou pitit **ou a** 15-20 minit chak jou,
- san distraksyon (televizyon, òdinatè, jwèt elektwonik, etc.).
- patisipe nan desizyon konsènan edikasyon pitit **ou a** atravè PTA, komite, etc.
- patisipe** nan edikasyon pitit **ou a** e mande lekòl la asistans w pou w kapab ede pitit **ou a** nan jefò l'ap fè lakay la.
- souliye enpòtans matematik "chak jou" nan lavi pitit **ou a**.

Elèv – Lekòl la ak paran ou gen konfyans **OU** pral

- vin lekòl chak jou byen dispoze pou w aprann.
- fè tout devwa yo ba w fè chak jou.
- li yon bagay ki enterese w chak jou lè ou pa nan lekòl la.
- bay yon moun majè tout nòt ak tout enfòmasyon lekòl la kapab ba w pote lakay ou.
- toujou dedye pi fò nan enèji ou nan edikasyon.

Nou espere ou pral fè yon sèl avèk nou ane sa a pou bay pitit gason oswa pitit fi w la yon pi bon edikasyon. Gen yon pakèt prèv ki montre lè **OUMENM** ou patisipe e angaje w nan ledikasyon pitit **ou** epi ba li sipò nesesè pou li pran bon desizyon konsènan pwogrè li nan lekòl la, l'ap gen plis siksè, l'ap fè pi bèl mwayèn nan tès yo e l'ap pouse edikasyon li pi lwen.

NOU BEZWEN ÈD OU POU EDIKE PITIT OU.

Si w vle pran angajman an, tanpri siyen pi ba a.

Paraf Administratè Lekòl la

Paraf Paran

Paraf Elèv la

Yo te chita tande sou kontra sa a _____,